

Kisa nou ka atann ak Sèvis investigasyon Pwoteksyon Timoun yo

Sèvis pwoteksyon timoun ak ankèt yo fèt pou kenbe tout timoun an sekirite, menm timoun refijye ak timoun ki fèk vini yo. Dyagram sa a eksplike sa ki rive tipikman pandan yon ankèt CPS ak sa fanmi refijye ak moun ki fenk vini yo ka espere.



START

Yo rapòte yon enkyetid



Yon moun kontakte Sèvis Pwoteksyon Timoun (CPS) paske yo enkyete pou sekirite oswa byennèt yon timoun.

CPS fe revizyon Rapò a (Tès Depistaj / Konsomasyon)



CPS revize enfòmasyon yo pou decide:

- Èske pwoblèm nan koresponn ak definisyon legal abi oswa neglijan sou timoun?
- Èske timoun nan an danje imedyà?
- Si repons yo se **non**, CPS pa entèveni, epi rapò a fèmen.
- Si repons yo se **wi**, CPS pral entèveni epi yo pral egzamine pwoblèm nan pi byen.

Rasanble enfòmasyon yo

CPS ka kolekte enfòmasyon lè yo:

- Pale ak paran yo oswa moun k ap pran swen timoun yo.
- Pale ak timoun yo (nan yon fason ki apwopriye parapò ak laj yo).
- Pale ak moun ki fè rapò a ansanm ak nenpòt lòt moun ki ka gen rapò ak fanmi an tankou Ajans Relokalizasyon an.
- Vizite kay la.
- Atravè entèraksyon sa yo, travayè CPS a evalye sekirite timoun nan, fòs fanmi an, faktè estrès ak defi yo, epi ki sipò ki ka ede fanmi an.



CPS Kontakte Fanmi an

Si CPS aksepte ka a pou ankèt, yon travayè CPS ka:

- Rele oswa vizite fanmi an.
- Eksplike poukisa CPS enplike.
- Poze kesyon sou timoun nan ak fanmi an.



Desizyon Sekirite

Aprè CPS fin revize tout enfòmasyon yo, li ap decide si:

- Timoun nan an sekirite. Si se ka sa a, dosye a ka fèmen.
- Sipò ap nesèsè. Si se ka sa, yo ka ofri sèvis yo.
- Gen enkyetid sekirite imedyà. Si se ka sa, yap kreye yon plan sekirite.
- Retire yon timoun se yon bagay ki ra epi li fèt sèlman lè gen yon danje grav epi si pa gen okenn altènatif sekirite ditou.



Plan Sekirite oswa Sèvis (Si sa nesèsè)

Si CPS rete enplike, yo ka:

- Kreye yon plan sekirite avèk fanmi an.
- Ofri sèvis volontè oswa sèvis prevansyon.
- Konekte fanmi an ak sipò kominotè a.
- Egzanp: Sipò pou paran; konsèy oswa sèvis sante mantal; èd ak lojman, manje, oswa gadri; resous kiltirèl oswa resous ki baze sou kominote a.



Swivi ak Fèmti Ka a

CPS kontinye ap pran kontak ak fanmi an jiskaske:

- Timoun nan an sekirite, epi fanmi refijye a gen sipò ke yo bezwen.
- Patisipasyon CPS la fini epi dosye a fèmen.



FINISH

